

# Listériose

## Ki sa ki Listériose?

Listériose sé yon enfeksyon ké ou trapé lè ou manjé Pwodwi ki kontaminé avèk bakteri ké yo relé *Listeria monocytogenes*. Maladi sa konpliké anpil lè li antre sou fanm ansent, ti mounn ki fèk fèt, sou gran moun, ak sou moun sistèm défans yo fèb.

## Kòman li transmèt ?

Ou Jwen *Listeria* lan la nati lan dlo ak lan tè. Listériose transmèt lè ou manjé pwodwi ki kontaminé ak *Listeria*. Yon moun ka pran lan kontak seksyèl ak lòt moun. Manman ka bay pitit li pandan ké li ansent, ou pandan ké lap akoushé.

Moun ki an santé ka manjé pwodwi ki kontaminé san li pa tonbé malad. Men Moun sistèm defans yo fèb gen anpil shans pou enfekté menm lè ké yo ta manjé pwodwi ki kontaminé ak yon ti kras baktéri la dan.

## Ki sentòm yo ?

Pami tout sentòm yo, gen la fyèv, kò fè mal, e dè fwa pwoblèm lan entesten tankou nozé, diaré. Si enfeksyon anvayi sèvo, wap gen tèt fè mal, kou fè mal, egaré, pèdi ekilib, misk yo kontrakté pou kont yo, tout sa kòm sentòm.

Fanm ansent gen dwa pa santi okin sentòm, yo ka tou senpléman gen yon ti grip. Panda se tan enfeksyon sa-a ka lakòz fanm ansent akoushé avan dat yo, ti moun lan ka fèt ak enfeksyon ou fèt tou mouri.

## Koman li ka treté ?

Gen plisyè kalité antibiotik ki trè bon kont *Listeria*. Lè yon moun enfekté pandan li ansent, antibiotik ké lap pran an ka souvan pwotejé fetis la ou di mwens ti bébé-a. Menm avèk bon jan tretman ak antibiotik, gen enfeksyon ki konn la kòz lanmò, espesyalman gran moun, ou moun ki gen lòt kalité pwoblèm médikal.

## Ki moun ki gen plis shans tonbé malad anpil lè yo trapé Listériose?

Lan Eta-Zini, gen 2,500 moun ki tonbé malad anpil shak ané ak Listériose. Pami yo 500 mouri. Men moun ki gen plis shans trapé enfeksyon sa-a.

- Moun sistèm defans yo fèb tankou.
  - Mounn ki gen AIDS
  - Moun ki gen kansè, diabetik, (sik) maladi lan ren

- Moun ké sistèm defans yo fèb a koz dé lòt pwoblèm.
- Moun kap pran medikaman steroid
- Gran moun
- Fanm ansent gen 20 fwa plis chans pou yo gen Listeriose ké lòt jèn moun ki an santé, en tyè (1/3) ka fanm ansent ki gen Listeriose ka fè avòtman, ou di mwens ti bébé-a fèt tou mouri.

Gran moun ajé ak ti moun konn pafwa enfeté ak Listeria, men yon lè konsa yo ka rivé tonbé malad anpil.

## **Koman mwen ka redwi posibilibite trapé Listeria ?**

### **Sa ki rekòmandé :**

- Byen kwit viand yo, tankou bèf, koshon, ak poul.
- Byen lavé vejetab yo anvan nou manjé yo.
- Kenbé viand ki pa byen kwit lwen vejetab, e pi lwen manjé kwit.
- Evité lèt ki gen bakteri, manjé ki fèt ak lèt ki gen bakteri la dan yo.
- Lavé men, kouto, ak moso plansh ké nou itilizé pou preparé manjé ki pako kwit.

### **Sa ki rekòmandé pou moun ki gen plis chans e moun sistèm defans yo fèb, kòm fanm ansent. Plis lòt rekòmandasyon ajouté sou lis an lè-a :**

- Evité fromaj ki mou kòm feta, Brie, Camembert, blue-veined, e fromaj Mexican (Fromaj di, fromaj ki fond, krèm fromaj, ou cottage fromaj , yogurt, pa bezwen evité pwodwi sa-a yo.)
- Manjé dòmi, ou manjé ki prè pou desann lan vant kòm hot dogs sipozé byen kwit avan ké yo manjé.
- Posibilibite pou trapé listeriose lan manjé ke-w ashté lan makèt fèb anpil, fanm ansent ak moun sistèm yo fèb ka toujou evité manjé sa yo, ou di mwens byen kwit yo avan ké yo manjé yo.

### **Ki sa poum fè si mwen manjé pwodwi ki kontamine ak Listeria ki pa sipozé vann ankò ?**

Posibilibite pou yon moun ki manjé pwodwi kontaminé ak Listeria vin enfekté fèb anpil. Si ou manjé yon pwodwi ki kontaminé epi ou pa gen okin sentòm, ou pa oblijé fè ekzamen ou pran

medikaman, menm si ou ta konsideré kòm mounn ki gen anpil shans yo. Antouka depi ou lan kategori mounn ki gen gwo shans yo, ou manjé pwodwi ki kontaminé, pandan 2 mwa ou ka vin tonbé malad ak la fyèw ou di mwens tonbé malad grav, ou sipozé fè kontak ak doktè-w pou enfòmè-l ké ou té manjé yon pwodwi ki kontaminé.

**Pou plis enfòmasyon, relé**  
**Boston Public Health Commission**  
**Infectious Disease Bureau**  
**(617)534 5611 or [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**